

NYC KIDS RISE Save for College Program

Bwat sekre ki te fèt nan PS84
The Steinway School, 2017



Investi nan pitit ou- ekonomize pou inivèsite

TOUT timoun ki nan kindergarten ki nan Distri 30 lan kalifye pou patisipe nan yon nouvo pwogram epay ak bousdetid inivèsite

Kòmmanse kindergarten avèk yon plan ekonomi pou inivèsite



Li ka difisil pou ekonomize pou inivèsite, e kòmanse ka pati ki pi di a.

Se poutèt sa NYC Kids RISE ki pa la pou fè pwofi te kòmanse Pwogram Ekonomize Pou Inivèsite a, an patenarya avèk Vil Nouyòk ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.

Li se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou fè inivèsite vini plis aksesib e reyalizab pou pitit ou. Pwogram nan ofri ou, fanmi ou, ak kominote w la yon fason pou travay ansanm pou sere pou avni pitit ou.

Tout lekòl jadendanfan ki nan Distri 30 ka patisipe nan Pwogram Ekonomize pou inivèsite a, kèlkeswa nivo revni oswa stati imigrasyon. Chak timoun k ap patisipe ap resevwa yon kont Bousdetid NYC avèk yon depo inisyal 100 \$ nan NYC Kids RISE.

Lekòl Distri 30 gen ladan katye Queens neighborhoods ki nan Astoria, Ditmars, East Elmhurst, Hunter's Point, Jackson Heights, Long Island City, Sunnyside, ak Woodside.

Fanmi yo pa gen anyen pou yo fè pou yo resevwa yon Kont Bousdetid NYC, epi genyen yon kont bousdetid pa limite kapasite w pou resevwa benefis piblik, tankou bon Seksyon 8, New York City Housing Authority (NYCHA) oswa lwe lojman reglemante, SNAP, oswa Medicaid.

Fanmi yo ka louvri tou pwòp kont epay inivèsitè yo pou yo kòmanse ekonomize pou avni edikasyon timoun yo depi nan kindergarten. Paran, gadyen, fanmi, ak zanmi ka kontribye dirèkteman nan kont sa a epi wè balans ekonomi li yo ansanm ak Kont Bousdetid NYC pitit yo.

Fanmi yo pa oblije fè l poukont li. Tout kominote a, tankou òganizasyon lokal ak biznis yo, ka patisipe nan kontribiyè nan Kont Bousdetid NYC pou timoun k ap patisipe yo.

Opòtinite pou Timoun yo, Paran yo, Fanmi yo ak Kominote yo

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE a bay oumenm, fanmi ou, ak kominote ou yon fason pou bati yon fondasyon pou sere pou avni pitit ou a lè ou:

- 1 Bay Kont Bousdetid NYC pou chak elèv ki kalifye**, lajan ki ka itilize sèlman pou rezon edikatif yo;
- 2 Ranfòse fanmi yo ak zouti ak enfòmasyon** pou devlope pwòp plan ekonomi inivèsite yo;
- 3 Ranfòse kominote yo pou yo travay ansanm** pou investi nan ekonomi inivèsite pitit yo lè yo kontribye nan kont bousdetid yo;
- 4 Ranfòse espwa pou ale nan inivèsite** atravè evènman ak kanpay nan lekòl yo ak nan tout katye yo; Ak
- 5 Bay edikasyon finansye nan klas jadendanfan** lè li travay avèk Depatman Edikasyon pou asire ke chak elèv resevwa fòmasyon finansye nan sal klas la.

Kòmanse

Gen twa etap senp pou kòmanse patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a:

1

Enskri timoun kindergarten ou an nan yon lekòl ki ap patisipe epi pa siyen Avi Sòti a.

Chak elèv jadendanfan ki ale nan yon lekòl ki ap patisipe yo piblik ap resevwa otomatikman yon Kont Bousdetid NYC avèk 100\$ sou li sof si fanmi an chwazi pa patisipe.

Anvan kont lan kreye, ou pral resevwa yon fòm nan lekòl pitit ou a ke ou ka siyen si ou pa vle pitit ou a patisipe.

Si ou vle pitit ou a patisipe nan pwogram nan epi resevwa yon kont Bousdetid NYC, pa siyen fòm sa a.

Pou plis enfòmasyon, patisipe nan yon aktivite Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a oswa rele 833-543-7473.

2

Enskri sou entènèt pou w wè Kont Bousdetid NYC pitit ou a.

Yon fwa ou louvri nan Kont Bousdetid NYC pitit ou a, gade enfòmasyon ki soti nan NYC Kids RISE sou fason pou wè kont pitit ou a epi pou swiv balans li a aprè kèk tan.

Lè w enskri pou w gade Kont Bousdetid NYC pitit ou a, NYC Kids RISE ap depoze yon rekonpans adisyonèl sou li.

3

Ale patisipe nan yon atelye oswa vizite nyckidsrise.org pou aprann plis sou opsyon epay inivèsite yo, ouvri pwòp kont epay inivèsite ou epi fè plis rekonpans.

NYC KIDS RISE

NYC Kids RISE se yon òganizasyon charitab kap travay pou elaji opòtinite ekonomik ak ekite nan bay fanmi yo, lekòl yo ak kominote yo yon fason pou yo travay ansanm pou sere pou edikasyon pitit yo.

Bati sou rèv ak atant fanmi yo genyen pou avni timoun yo, NYC Kids RISE vize fè ale nan inivèsite epi gradye nan inivèsite vini pi reyalizab pou tout elèv lekòl piblik Vil Nouyòk yo - kèlkeswa kote yo soti an oswa ki kantite lajan fanmi yo genyen labank.





Envesti nan pitit ou- ekonomoze pou inivèsite

CHACHE KONNEN KI JAN

nyckidsrise.org

833-KID-RISE (833-543-7473)

NYC
KIDS
RISE

NYC

Office of
the Mayor

Department
of Education

GRAY
FOUNDATION

Materyèl yo te rive posib an pati atravè sipò Citi Community Development.